



SHUMIRA MUMUTSA

Apo paunotevera muenzaniso weMuponesi wemutsa, unozoona kuti unokwanisa kuita mutsauko muupenyu hwevamwe.

Mutsa kuva neruzivo rwedambudziko revamwe pamwe nechido chekurirerutsa kana kuderredza. Chibvumirano chekutevera Muponesi chibvumirano chemutsa “wekutakurirana mitoro” (Mosaya 18:8). Basa rekutaririra vamwe mukana wekushumira semaitiro azvingaitwa naIshe: “nemutsa, muchiita mutsauko” (Judasi 1:22). Ishe vakaraira vachiti, “Ratidzai ngoni nemutsa munhu wese kuhama yake” (Zekaria 7:9).

Mutsa weMuponesi

Mutsa ndiwo wakanga uri simba raikurudzira muushumiri hweMuponesi (ona zviri parutivi: “Muponesi Ane Mutsa”). Mutsa Wake kune vamwe Vake wakamukonzera kushumira kune avo vakamukomberedza panguva dzisingaverengeke. Nokuza zvidikanwi nezvido zvevanhu, Aikwanisa kuvaropafadza nekuvadzidzisa munzira dzai-kosha zvikuru kwavari. Chido cheMuponesi chekutisimudza pamusoro pematambudziko edu chakatungamirira kuchiiro chikuru zvikuru chemutsa: Rudzikinuro Rwake rwezvivi nekutambudzika kwevanhu.

Kwaniso Yake yekudaira kuzvidikanwi zvevanhu chimwe chinhu chatinokwanisa kuedza kuita apo patinenge tichishandira. Apo patinorarama nekukurama uye tichiterera kukurudziro dzeMweya, tinozokurudzirwa kushumira nenzira dzakakosha.

Chibvumirano Chedu cheMutsa

Baba Vekudenga vanoda kuti vana Vavo vave nemutsa (ona 1 VaKorinte 12:25–27). Kuti tive vadzidzi vechokwadi, tinofanira kukudziridza uye kuratidza mutsa kune vamwe, kunyanya kune avo vanoshaya (D&C 52:40).

Kutora patiri zita raJesu Kristu kuburikidza nechibvumirano chedu cherubhabhatidzo, tinopupura kuti tinoda kuratidza mutsa. Mutungamiri Henry B. Eyring, Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri Hwekutanga, vakadzidzisa kuti chipo cheMweya Mutsvene chinotibatsira kuti tiite izvozvo: “Uri nhengo yechibvumirano yeChechi yaJesu Kristu. . . .

“Ndokusaka uine manzwiwo ekuda kubatsira munhu arikunetseka kuti afambire mberi achinzwa kuremerwa

nerusuwo nedambudziko. Wakavimbisa kuti unozobatsira Ishe kuti vaite kuti mitoro yavo ireruke uye vave vanonyaradzwa. Wakapihwa simba rekubatsira kurerutsa mitoro iyoyo apo pawakagamuchira chipo cheMweya Mutsvene.”¹

Semuenzaniso, Mumwe sisita muRussia aive nemamiriro ezvinhu emhuri anonetsa akamutadzisa kuenda kucheche kwenguva inopfuura gore. Mumwe sisita mubazi imomo akamushumira nemutsa musi weSvondo wega wega nekumuridzira runhare achimutaurira pamusoro penhaurwa, zvidzidzo, daidzo dzeushumiri, vana vakazvarwa, uye dzimwe nhau dzebazi. Apo pakagadziriswa mamiriro ezvinhu emhuri asisita uyu akanga asingakwanise kubva pamba, akanzwa sekunge akanga achiri chikamu chebazi nekuda kwenhare dzesvondo rega rega dzaibva kushamwari yake.

CHINYORWA

1. Henry B. Eyring, “The Comforter,” *Liahona*, Chivabvu 2015, 18.

MAZANO MANA EKUKUDZIRIDZA MUTSA

Kunyange mutsa uchiwanzo wedzera mushure mekusangana nezviedzo zvedu pachedu, pane-zvimwe zvinhu zvatinokwanisa kuita nhasi kuti tikudziridze mutsa. Funga nzira dzaungakwanise kushandisa misimboto mina iyi:

Unamatiire. Apo paunokumbira nemwoyo wose kuna Baba Vekudenga, Vanozarura mwoyo wako, uye “unosvika pakunzwa kuva nehanya kwechokwadi chaiko pamusoro pemagariri akana nerufaro zvekusingaperi zvevamwe vanhu” (*Preach My Gospel: A Guide to Missionary Service* [2004], 118; onawo (Moronai 7:48).

Uite. Unokwanisa kuratidza mutsa nekuteerera uye kunzwisisa. Zviise pachako mumamiriro

ezvinhu avo uye wofunga manzwiro avangaita. Kana zvichikodzera kumamiriro ezvinhu uye nguva, unokwasi kuzvipira kubatsira kuderedza marwadzo avo, kunetseka kwavo, kana matambudziko avo.

Tevera kurudziro. Ishe vanokwanisa kutizarurira nzira dzekuratidza mutsa idzo dzatingange tisina kuona tega pachedu. Apo paunonzwa kurudzirwa kubva kuMweya kwekuti ubatsire vamwe, usazengurire kuzviita.

Iva shamwari chaiyo. Kuratidza mutsa kunokwanisa kuva kwakareruka sekuratidza chido chechokwadi muupenyu hwevanhu. Dzidza kuteerera zvakanaka (ona “Ministering Principles: Five Things Good Listeners Do,” *Liahona*, Chikumi 2018, 6–9). Rudo rwako kwavari rwunozowedzera, uye zvinova nyore kuona nzira dzekuratidza rudo irworwo.

5. MUPONESI ANE MUTSA

Funga kunzvera zvimwe zvezvinyorwa zvitsvene izvi kuti uone kuti mutsa weMuponesi waiMubata mwoyo sei kuti aporese, aropafadze, uye nekudzidzisa avo vakaMukomberedza panguva yeushumiri Hwake: Mateo 9:35–38; 14:14; 18:27, 33; 20:30–34; Marko 1:40–42; 5:19; 6:30–42; 9:22; Ruka 7:13; 10:33; 15:20.

Misimboto yekushumira yakaitirwa kutibatsira kudzidza kutaririrana—kwete kuti igoverwe seshoko. Apo patinosvika pakuziva avo vatinoshandira, Mweya Mutsvene unozotikurudzira kuziva shoko ravangada pamwepo neutariri nemutsa wedu kwavari.